Умуман олганда, Чори бахши Умиров репертуаридан ёзиб олинган “Таркибадахшон” достони “Гўрўғли” туркумига мансуб достонлар таркибида мустақил сюжет ва композицион тугал эпик асар намунаси сифатида алоҳида ажралиб туриши билан диққатга сазовордир.

**Адабиётлар**


1. Веселовский А. Историческая поэтика. –Л.: «Высшая школа», 1989.
2. Гринцер П.А. Древнеиндийский эпос. –М.: «Наука», 1974.
3. Кузнецова З.С. Легенда об олене: фольклорный характер источника. // Исследования и публикации по истории античного мира. Вып.2. СПб., 2003. – С321-334.
4. Мелетинский Е.М. Семантическая организация мифологического повествования и проблемы семиотического указателя мотивов и сюжетов // Ученые записки Тартуского государственного университета. Вып. 635. –Тарту: 1983. – С.115-128.
5. Неклюдов С.Ю. О некоторых аспектах исследования фольклорных мотивов // Фольклор и этнография: У этнографических истоков фольклорных сюжетов и образов. –Л.: 1984. – С.221-229.
6. Путилов Б.Н. Мотив // Путилов Б.Н. Фольклор и народная культура. СПб., 1994. – С.172-183.
7. Пропп В.Я. Исторические корни волшебной сказки. –Л.: 1989.
8. Путилов Б. Эпической сказительство. – М.: «Восточная», 1997.
9. Путилов Б.Н. Веселовский и проблемы фольклорного мотива. // Наследие Александра Веселовского. Исследования и материалы. –М.: 2016. – С.74-85.
10. Эргашев А. Оилавий бахшилар сулоласи. –Қарши: 2019.
11. Эшонқулов Ж. Ўзбек фольклорида туш ва унинг бадиий талқини: Филол. фан. доктори автореферати. –Тошкент: 2010.
12. ЎзР ФА Ўзбек тили, адабиёти ва фольклори институти Фольклор архиви. Инв.№1814/I-III. “Таркибадахшон” (достон). Айтувчи Чори бахши Умиров. Ёзиб олувчилар А.Қаҳҳоров, А.Эргашев. 2-б.
13. ЎзР ФА Ўзбек тили, адабиёти ва фольклори институти Фольклор архиви. Инв.№1427. 16-б.
14. ЎзР ФА Ўзбек тили, адабиёти ва фольклори институти Фольклор архиви. Инв.№1504. 22-б.
15. Зарифов Ҳ. Ўзбек халқ достонларининг тарихий асослари бўйича текширишлар // Пўлкан шоир. Ўзбек халқ ижоди бўйича тадқиқотлар. 4-китоб. –Тошкент: «Фан», 1976, 76-б.



**РЕЗЮМЕ**

Мақола Шерobod достончилик мактабининг таниқли намояндаси, Ўзбекистон халқ бахшиси Чори Умировнинг эпик репертуарида қайд қилинган “Таркибадахшон” достонининг сюжет тузилиши ва ғоявий-бадиий хусусиятлари таҳлилига бағишланган.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящена анализу сюжетной структуры и идейно-художественных особенностей дастана “Таркибадахшан”, зафиксированного в эпическом репертуаре известного представителя Шерабадской дастанной школы, Народного бахши Ресблики Узбекистана Чори Умирова. Анализируются художественно-эстетические функции основных мотивов и определяется своеобразная трактовка эпических образов.

**SUMMARY**

The article is devoted to the analysis of the plot structure and ideological and artistic features of the dastan “Tarkibadakhshan”, recorded in the epic repertoire of the famous representative of the Sherabad dastan school, People’s Bakhshi of the Republic of Uzbekistan Chori Umirov. The artistic and aesthetic functions of the main motives are analyzed and a peculiar interpretation of epic images is determined.


## «ШӘРИЯР» ДӘСТАНЫНДА ҚАҲАРМАНЛАР ОБРАЗЛАРЫНЫҢ ЖАСАЛЫЎ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ


**Ш.К.Кенесбаева –** *таяныш докторант*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** достон, достон қаҳрамони, қаҳрамон образининг яратилиши, реалистик ва фольклористик сифатлар, идея ва образ, образлар ҳолати.

**Ключевые слова:** дастан, герои дастана, создание героического образа, реалистические и фольклорные качества, идея и образ, состояние образов.

**Key words:** epos, heroes of an epos, creation of the heroic image, realistic and folklore qualities, idea and image, image status


Биз «Шәрияр» дәстанына бағышланған мақалаларымыздың биринде [1:110-113] усы дәстандағы Гүлшара образына кең талқы ислеп, усы образ арқалы қарақалпақ ҳаял-қызларының миллий өзгешеликлери ҳәр тәреплеме ашып берилген ҳәм бул образ ҳаял-қызларды әдалат, өмир ҳәм шаңарақтың бир пүтинлигин сақлап қалыў ушын гүресте адамларды төзимлиликке, сабырлылыққа ҳәм ҳүжданлылыққа шақырыўшы образ, деген жуўмаққа келген едик.

Әлбетте, ҳәр қандай көркем шығармада, ол, мейли, фольклорлық, ол, мейли, реалистлик әдебият туўындысы болсын, қаҳарман образы жекке бөлек турған ҳалда жаратылмайды. Ҳақыйқый турмыста адамлардың өз ара қатнаста болғанындай, көркем шығармада да бир қаҳарман екинши бир қаҳарман менен тығыз байланысқан ҳалда жаратылады. Мине, усындай қаҳарманлар образларының бир-бири менен байланыслылықта жаратылыўы арқалы көркем шығармада тутас қаҳарманлар образының галереясы, былайынша айтқанда, образлар системасы, жүйеси пайда болады. Мысалы, «Шәрияр» дәстанындағы Гүлшара образына баҳа бериў ушын дәстанда қатнасатуғын басқа да ҳаял-қызлар образына, ҳәтте қаҳарманлар образының тутас галереясына пикир жүритиўге, талқы ислеўге туўра келеди.

Усы көзқарастан «Шәрияр» дәстанындағы қаҳарманлар Шәрияр яки Әнжим образларына талқы ислейтуғын болсақ, бул образларға дәстанның тийкарғы қаҳарманлары ҳәм қатнасыўшы персонажлары болған Шаҳидарап, Гүлшара, Томан ўәзир, Шасыўар, Ақдәўлет, мәстан кемпир, шопан, Қодар қул ҳәм т.б.лардың образларысыз баҳа берип болмайды. Себеби дәстан қаҳарманларының тәғдири, өмир жолы бир-бири менен тығыз байланыслы ҳалда бериледи. Атап айтсақ, дәстандағы Томан ўәзир образысыз патша Шаҳыдарапты да, оның зайыбы Гүлшараны да, ул-қызлары Шәрияр менен Әнжимди де түсинип болмайды.

Дәстанда Томан ўәзир образы ҳақыйқый өмирдегидей исенимли ҳәм көркем етип жаратылған образлардың бири. Себеби, социалистлик реализм методы үстем болып турған тоталитар заманда патшалар, ўәзирлер залым, ақмақ, топас етип көрсетилетуғын еди. Бул қарақалпақ аўызеки дөретиўшилигинде, соның ишинде «Шәрияр» дәстанында, басқа дәстанлардағыдай Томан ўәзир образы басқаша, халықлық көзқараста жасалады. Мәселен, Гүлшараға күшик пенен пышық туўдың деп жала жабылады ҳәм Шаҳидарап патша: «кимде-ким Гүлшараға бир уртлам суў, бир тислем нан берсе, өзи өлимдар, малы талаўда» деп қалаға жар урдырады. Мине, усыған қарамастан Томан ўәзир Шаҳидарап патшаның қаласынан қуўылып, қаңғырып баратырғанда:

Ашылғанда қызыл гүлиң солды ма,
Әжел жетпей шул пайманаң толды ма,

Биз қаладан кеткен соң,
Тоғыз бирдей ханымнан,
Саған зәлел келди ме? – деп ҳал-аўҳал сорасады ҳәм оған меҳрибанлық көрсетпекши болады.
Есик алды теректи,
Пәсең қылма жүректи,
Буған маған мен жаманлық етсем,
Қыяметте бир қудаға,
Бере алмаспан жуўапты,[3] - дейди.

Мине, соннан баслап Томан ўәзир өзиниң қайтыс болып кеткен қарындасының орнына Гүлшараны қарындас етип асырап алады. Егер, Томан ўәзирдиң ақ көкиреклик пенен ислеген усындай ҳәрекети болмағанда, Гүлшара аман қалмаған болар еди ҳәм өзиниң перзентлерин таба алмаған болар еди. Демек, өзине жаманлық ислеген залым тоғыз ханымнан, мәккар мәстан кемпирден өш ала алмаған болар еди. Усының салдарынан жаманлықтың үстинен жақсылық идеясы женисске ерисе алмас еди.

Томан ўәзир «Шәрияр» дәстанының бас қаҳарманы болмаса да дәстанның өнебойына қызыл сабақтай тартылған гуманистлик туйғылардың, улыўма адамгершилик пазыйлетлердиң түп сағасында тур. Томан ўәзир «Шәрияр» дәстанындағы ең реалистлик тулғалардың бири. Сондай-ақ, «Шәрияр» дәстанындағы Әнжим образы айрықша қызықлы ҳәм оғада қоспалы, көркем образлардың бири. Әнжим, былайынша қарағанда, наятый кишипейил, жумсақ минезли қарақалпақ қызларының бириндей болып көринеди. Бирақ, анықлап қарағанда, оның тулабойында ақыллылық пенен мәртликтиң бирдей раўажланғанын көремиз.

Улыўма алғанда, қарақалпақ халқының уллы дәстанларында бас қаҳарманлардың қарындаслары ақыллы, парасатлы, ақылгөй сыпатында сүўретлениў менен бирге, олар батыр, ер жүрек адамлар сыпатында сәўлеленеди. Нәзик минезли қызлар ағалары менен бирге жаўға атланады, гейде ағаларын жаў қурсаўынан қуткарып қалады [2].

«Шәрияр» дәстанының ҳәмме вариантларында да, әсиресе Қуламет жыраў ҳәм Өтенияз жыраў вариантларында ҳаял-қызлар образы терең ашылады. Олардың исенимли образын жасаў ушын еки жыраў да қарақалпақ тилиниң алтын ғәзийнесинен мол пайдаланады. Мәселен, Бүлбилгөя елине кеткен ағасын излемекши болып, атасы Шасуўардан рухсат сорап, жолда баратырған Әнжим мынадай әндийшениң үстинен шығады ҳәм оғада ақыллы ис қылады:
Енди аңлап қараса,
Ақ мары деген ақ жылан,
Көк мары деген қара жылан,
Бул жыланға қараса,
Жуп жығасы басында,
Патшалық липас үстинде,
Екеўи де патша екен. [3]

Буның урысып атырғанын Әнжим билди. Қара мары қолында әззи келипти. Ақ мары өлер ҳалға келген. Әнжим муны көрди. Турып енди ойланды. Қәдимнен қалған сөз еди. Бурынғының нақылы: «Өзиң жолаўшы болсаң, жол үстинде еки адам урысса қойса, сол әззи келгенине көмек бер» деген нақыл бар. Еки адам бир адамның тәңриси» деген сөз бар еди. Қолыма қанжар алайын, ақ марыны айланып, қара марыға қанжар урайын. Ақ марыға көмек берейин, деген қыял пайда болды. Әне, келип қара марыға Әнжим қанжар урды. Қара марыны Әнжим өлтирди. Қара мары кәпир патшасының патшасы еди. Әне, ақ мары қара марының дәстинен қутылды. Енди еси аўып, көзи тынып, ақ мары жығылып қалды. Көп ўақ арадан өтти. Сөйтип, ҳуўшына келди. Ҳуўшына келген соң Әнжимге: «мениң кейниме ер» деп ишарат қылды.» [3].

Мине, жоқарыда келтирилген мысалдың өзинен-ақ Әнжимниң қандай инсан екенлиги айтпай-ақ билинип тур. Әнжим-әззилерди қоллап-қуўатлайтуғын, залымларға қарсы гүресетуғын меҳрибан, ҳүжданы пәк ҳаял-қызлардың үлгиси.

Дәстанның тийкарғы қаҳарманларының бири – Шәрияр образы оғада шебер жасалған.

Бул образ да өз бойына ертеклик-мифлик элементлерди топласа да релизмге көп жақын. Ол батыр. Ата-анасын оғада ҳүрметлейтуғын меҳрибан перзент, билимли, дана жигит.

Шәрияр қарындасы Әнжим менен бирге оқып, терең билим алады. Билимпаз дәрежесине көтериледи. Өзи патшаның әўлады болыўына қармастан, мийнет пенен шуғылланады. Бағ, егин егип шөлистанды гүлистанға айландырады, канал қазып суў әкеледи. Шәриярдың бул ҳәрекетлери уллы Наўайының «Фархад ҳәм Шийрин» дәстанындағы Фархадтың турқын көз алдымызға келтиреди.

Соның менен қатар, Шәрияр - меҳрибан жүрекли кең пейил азамат. Өзин асырап алған Шасыўарды өз әкесиндей көреди. Ал ана орнына ана болған Ақдәўлетти жанынан бетер жақсы көрип ардақлайды.

Шәрияр образында ертеклик мифлик элементлер көп. Мысалы, оның бағдар алған қаласын дем де ийелей бериўи, имам-ағзам дуўаларынан пайдаланып, қүдирет көрсетиўин усындай көринислер қатарына киргизиўге болады.

Усы көрсетилген элементлерге қарамастан, Шәрияр образы ҳақыйқый өмирдеги ер жүрекликти, батырлықты мийнет сүйиўшиликти өз бойына жәмлестирген образ болып табылады.

«Шәрияр» дәстанындағы шопан образы оғада қызықлы образ. Ол «Алпамыс» дәстанындағы Әшим образын еске түсиреди. «Шәрияр» дәстанындағы шопан да Әшимниң зинданға тасланған Алпамысты асырағанындай етип, зинданға тасланған Гүлшараны асырайды. Гулшара оған өз қызын беремен деп ўәде етеди.

«Шәрияр» дәстанындағы шопанның ким, қаяқтан екени Қуламет жыраў вариантында айтылмайды. Ал, Өтенияз жыраў вариантында бул шопанның Балхы-Бадахшан патшасының улы екени айтылады. Бир айта кететуғын нәрсе - дүнья халықларының дәстанлары менен ертеклеринде шопанлардың арғы атасы шах, патша, төре болып шығады.

«Шәрияр» дәстанының унамсыз қаҳарманларының қатарына патшаның тоғыз ҳаялы киреди. Олар ҳәммеси дерлик адам баласының бойында бар барлық қәсийетсиз қылықларды өз бойларына жәмлеген. Олар биреўдиң бахытын қызғанатуғын күншил, залым, ашкөз. Гүлшараға мийримсизлик пенен жаманлық ислейди. Сол жаманлықлары ушын сазайларын тартып жазаланады.

«Шәрияр» дәстанындағы айрықша көзге түсетуғын образлардың бири – мәстан кемпир образы. Бизиң бул жерде айрықша деп атап отырғанымыздың мәниси - мәстан кемпир образы қарақалпақ аўызеки халық дөретиўшилигинде өзине тән белгили орынды ийелейди. Оның аты аталыўдан-ақ дәстан тыңлаўшылардың жүзлерине мысқыллы күлки ойнайды ҳәм бир жағынан ашыў-ызасы келеди. Себеби, мәстан дүньядағы мәккарлық пенен залымлықтың барлық түрлерин өз бойына жәмлеген.

«Шәрияр» дәстанындағы мәстан кемпирдиң минезқулқы, мәккар ҳәрекетлери қандай болса, оның сырткы көриниси де сол унамсыз ҳәрекетлерге оғада сәйкес келеди. «Арқасы қозған, еки бирдей дизеси қулағынан озған, шандыры тастай, көзи мәштей, өзи көп жасаған, сай сүйеги босаған, арқа мойыны тырысқан, елаты менен урысқан, қызыл тилин тыймаған, келинине сыймаған.

Мәстан кемпир унамлы қаҳарманларға қарсы, қаслық етиў менен шуғылланады, зулымлық, қасгөйликтиң қуралы сыпатында көринеди. «Шәрияр» дәста-

ныңдағы мәстан кемпир образын жасаўда жыраўларымыз юмор-сатира күшинен пайданады.

Биз жоқарыда «Шәрияр» дәстанындағы қаҳарманлар образларының жасалыў жоларына тоқтап өттик. Бундағы Гүлшара, Әнжим, Шәрияр, Шаҳидарап патша, Шасыўар, Ақдәўлет, Томан ўәзир, шопан көкирек кеўиллери таза, инсаният турмысындағы жақсы нийеттеги адамлар сыпатында оғада терең сүўретленеди. Ал, унамсыз жобадағы образларға күншил тоғыз ханым, мәккар мәстан кемпир, Қодар, палкерлер, моллалар, Бүлбилгөя киреди.

Улыўма алғанда, «Шәрияр» дәстанындағы унамлы ҳәм унамсыз қаҳарманлар арасындағы тартыс, жақсылық пенен жаманлықтың тартысы болып есапланады. Ақырында жақсылық жаманлықтың үстинен жеңиске ериседи. Бул қарақалпақ халқының гуманистлик туйғыларының үлкен бир тарийхый көриниси болып табылады.

**Әдебиятлар**

1. Кенесбаева Ш.К. «Шәрияр» дәстанындағы Гүлшара образының жасалыўының гейпара мәселелери. // «Илим ҳәм жәмийет», №4-2019.
2. Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының аўызеки көркем дөретпелери. - Нөкис: «Билим», 1996.
3. Шәрияр. Қарақалпақ халық дәстаны (Қуламет ҳәм Өтенияз жыраў вариантлары). - Нөкис: «Қарақалпақстан», 1984.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада достон қаҳрамонлари образининг тасвирланиши хусусиятларига тўхталган ҳолда, бу образлар тизими достонларга хос фольклорик хусусиятларга эга бўлиши билан бирга уларда реалистик кўринишлар устун эканлиги далилланган. Умуман, Шарьяр достони шакли, қаҳрамонлар образларининг яратилиши бўйича мифик-эртаклик асар бўлса да, яхшиликнинг ёмонлик устудан, адолатнинг адолатсизлик устудан ғалабаси ҳаётнинг глабал масалаларини ҳар томонлама ишончли, бадиий тасвирлаган асар деган хулосага келинади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются особенности создания героических образов в эпосе, доказывается, что несмотря на то что эта система образов обладает всеми качествами фольклорных произведений, являются мифо-фантастическими и сказочными образами, всё же они являются реалистическими образами. В целом, делается вывод о том, что по форме и созданию героических образов дастан «Шарьяр» является мифологически-сказочным произведением, и в нём достоверно и на высоком художественном уровне рассматриваются такие глобальные вопросы жизни как добро и зло, справедливость и несправедливость.

**SUMMARY**

The article deals with the peculiarities of creating heroic images in the epos. Despite the fact that these characters passess all qualities of folklore works, being mythological-fantastic and fairy, they are realistic characters. The author cames to the conclusion, that the epos «Sharyar» is a mythological-fairy work in form and creation of heroic images, but such global issues as «good-evil», «justice-injustice» are narrated truthfully and on the high artistic level.

## ФЕРУЗНИНГ ҲАМД ВА НАЪТЛАРИ

**Ю.Махаммадиева -** *таянч докторант*

*Тошкент давлат ўзбек тили ва адабиёти университети*

**Таянч сўзлар:** шеърият, ҳамд, наът, диний-маърифий мавзу, бадиий санъатлар, талқин, бадиий маҳорат.

**Ключевые слова:** поэзия, хамд, наът, религиозно-оброзовательная тема, литературное искусство, литературное мастерство.

**Key words:** poetry, hamd, nat, religious-educational theme, literary art, literary skill.

Муҳаммад Раҳимхон соний – Феруз салафлари сингари ижодини дастлаб ишқий шеърлар ёзиш билан бошлади. Кейинчалик, мумтоз шеъриятимизда кўп асрлик анъана бўлган диний-маърифий мавзуда ҳам асарлар яратди. Бу ҳақда адабиётшунос Г.Исмоилова қуйидагича ёзади: “Феруз динга кучли эътиқод қўйган, теран ҳурмат билан қараган. Шоирнинг ижодий меросида бу фикримизни тасдиқловчи шеърлар мавжуд. Аксарият ғазаллар орасида шундай мисралар учрайдики, буларда шоирнинг дунёқараши, чин эътиқоди очиқ сезилиб туради” [1:5].

Маълумки, мумтоз адабиётимизни тасаввуфдан ажратиб олиб ўрганиб бўлмайди. Диний мотивлар хусусида ҳам шундай дейиш мумкин. Ҳолбуки, шўро даврида кўҳна адабиёт намуналари дину тасаввуфдан ажратиб ўрганилди. Улардан коммунистик ғояга мос келадиган мазмун қидирилди. Ферузнинг ушбу мавзудаги шеърлари эса умуман ўрганилган эмас.

Диний-маърифий мавзудаги туркум шеърларида шоирнинг олам ва одам, ҳаётнинг мазмуни, иймон моҳияти, инсоннинг маънавий олами ҳақидаги қарашлари бадиий талқин этилган. Маълумки, ислом дини қарор топган мамлакатларда яратилган ҳар бир йирик асар Оллоҳга ҳамд билан бошланган. Жумладан, девонлар ҳам ана шу мазмундаги ғазаллар билан очилади. Профессор Нурбой Жабборовнинг ёзишича: “Ҳамдлар – Яратганнинг мадҳи, мақтови. Унинг тенгсиз қудратига айтилган сано, Ҳақ таолонинг ибтидо ва интиҳодан, яралмишларга хос гуноҳу исёнлардан пок экани таърифи. Инсонни дунёнинг моҳиятини англашга даъват этувчи, теран мазмунни гўзал бадиий шаклда ифодалаган бетакрор фикрлар мажмуи. Ҳайратланарлиси шундаки, ҳамдлар мумтоз шоирларимизнинг деярли барчасининг ижодида мавжуд. Лекин бири иккинчисини такрорламаслиги жиҳатидан ижодкор шахс тафаккури ва истеъдодининг чексиз имкониятларини кўз-кўз қилади гўё” [2:58]. Бу жиҳатдан шоир маснавийлари алоҳида ўрин тутади. Жумладан, маснавийлардан бири қуйидаги ҳамд билан бошланади:

Эй Қодиру Фаррухи доно,
Халлоқи жаҳон Басийру бино.
Не аввалингда эрур бидоят,
Не бордур охирингга ниҳоят.
Бордурсан анингдек Изиди пок,
Зотинг эта олмас ақл идрок.
Мавжудсан, ўзга борча нобуд,
Борсан ики кавн элига маъбуд.
Муҳтожинг эрур гадою султон,
Лутфу карамингга йўқ ҳаду сон.

Ҳамд мазмунидаги шеърларда, одатда, лирик қаҳрамон шоирнинг ўзи бўлади. Шоир маснавийларида ҳам худди шундай. Шоир ўзининг пургуноҳлигини, гуноҳлар қўлида асиру нотавонлигини ўйлар экан, ҳар бир иймонли банда каби Оллоҳнинг раҳматидан умидвор бўлади, маҳшар куни Яратган ҳидоят қилмаса, оғир аҳволда қолишидан қўрқувда. Негаки, гуноҳ кўп, Ўзидан ўзга мададкор йўқ:

Ким, асру заифу зордурман,
Осию гуноҳкор эрурман.
Дашти ҳавас ичра қолмишам зор,
Ҳирс илкига бўлмишам гирифтор.
Ёдингдин ўлуб мудом ғофил,
Кўнглумда туман хаёли ботил.
Бошдин-оёғим эрур залолат,
Тоатда ишимдурур касолат.

Лирик қаҳрамон ўзини осию гуноҳкор ҳис этади. Шоир буюк Холиқ олдида тазарру қилар экан, истиоралардан маҳорат билан фойдаланади. “Дашти